

Femaide kuri *1-877-336-2433* ni inimeroye ya telefone y'abavugaga igifaransa mushobora guhamagara umwanya uwariwo wose ku buntu ku bakonyezi bahahajwe mu ntara ya Ontario. Ku bafise ingorane z'ukutumva neza, bashobora guhamagara kuri *1-866-860-7082*.

Ivyo muvugira kuri izo nimeroye biguma ari ibanga. Abakonyezi kuri icyo nimeroye bazoyaga namwe ibimenyetso vy'imhuri z, agahahazo.

Iyi nyandiko iboneka no mu gifaransa

Imfashanyo ya Guverinoma ya Ontario

muzoba mwagiriwe kando bazobaha impanuro nyakuri ku mfashanyo mushobora gutanga.

Kubifuza karonka izindi nsiguro ku mfashanyo zitangwa na Femaide, muraraba kuri site: *www.briserlesilence.ca*

Kubifuza izindi nsiguro muraraba kuri site: *www.voisinsamisetfamilles.on.ca*

Mu gihe vyihuta, murahamagara abajejwe umutekano.

**KIRUNDI**

*Ababanyi,  
Abegenzi  
n'Imiryango*

*Ibimenyetso  
vy'imhuri  
vyobafasha  
kumenya no  
gufasha abakonyezi  
bashobora kugira  
ingorane  
y'agahahazo*



*Hari umuntu mwibaza ko yoba afise ingorane z'agahahazo? Kumenya ibimenyetso vy'imburi n'ibituma vyunyura agahahazo kagirirwa abakenyezi niyo ntambwe ya mbere. Kumenya ibi vyerekana ni vyotera umugore ababara nivyambere.*

**Umugabo** aramucinyiza

**Umugabo** yihariza ijambo niwe avuga gusa kandi avuga cane

**Umugabo** amwamiza kw'ijisho umwanya wose, no kukazi

**Umugabo** agerageza kuvuga ko ariwe yababaye kandi ameze nk'uwurwaye akabonge

**Umugabo** agerageza kumwigiza kure yanyu

**Umugabo** amufata nk, uko yoba ari igikoresho ciwe

**Umugabo** arabesha kugirango yiyerekane ko ari intungane

**Umugabo** yifata nkurengeye abandi bose mu rugo

*(Ivyiyumviro biri muri uru rwandiko vyerekeye bose n'ababana bahuje ibitsina birabaraba.)*

**Umugore** asaba imbabazi canke agasigura inyifato yiwe canke naho agatata akongera agashavura

**Umugore** asa n'uwutinya guserura icyumviro ciwe imbere y'umugabo

**Umugore** asa n'uwurwaragurika agasiba n'akazi Umugore agerageza guhisha ibikomere

**Umugore** arondera ivyitwazo vyo kutitaba umubonano ku munota wanyuma canke ngo ahure n'abandi canke akabirengagiza muhuye mw'ibarabara

**Umugore** asa nk'uwubabaye, yishwe n'irungu n'intuntu kandi atekewe atekewe n' ubwoba.

**Umugore** anywa ibiyayuramutwe canke inzoga kugira yiyibagize amagorwa yiwe

**Umugore**

**Ingorane yoba ihambaye kurusha mu gihe uretse n'ibimenyetso vy'imburi, abubakanye bahejeje gutandukana; canke bafite ingorane z'uwoshingwa kugumana abana. Umugabo ashobora kushikira bimworoheye ibigwanisho canke akeka ko umugore akundana nuwundi mugabo, canke yari asnzwe amuhahaza, canke agira iterabwoba ryo kugirira nabi abana biwe, ibitungwa vy, iwe no kwonona ibintu vy'iwe.**